



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INOGIRASYON TÈREN POU PREMYE TWA FAZ NAN FOUNTAINS DEVELOPMENT 130 MILYON DOLA A KI NAN BROOKLYN

### *397 Apatman A Pri Abòdab ak Soutyen yo An Konstwiksyon*

*Devlopman Miltifonksyon an pral An Dènnye Lye Kreye 1,169 Apatman A Pri Abòdab, Etablisman Kominotè, Espas Lavant An Detay ak Rekreyatif*

*Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstwiksyon 397 kay lojman ki a pri abòdab nan Fountains Development ki nan Brooklyn, ki pral an dènnye lye gen ladan yo 1,169 kay. Devlopman an pral konstwi an ywit batiman ki gen espas lavant an detay, komèsyal, ak kominote sou 2.7 ekta tèren ki te vakan anvan sa nan 888 Fountain Avenue an. Premye twa faz nan devlopman an divès faz sa pral kreye yon total 397 apatman soutyen ak a pri abòdab yo nan Brooklyn pou abitan ki kalifye baze sou revni yo, ak pou sila yo ki gen andikap devlopman ak entelektyèl yo. Sou plas, sèvis sosyal ak lòt sèvis sipò yo pral ede abitan sa yo viv ak tout endepandans yo.

“Bay pouvwa a kominote ki mal desèvi nou yo ap kòmans ak lojman ki a pri abòdab ak dirab”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo devlopman sa pral bay opòtinite ki elaji nan ekonomi lokal la pandan ke l’ap ofri yon kote ki sekirize, desan epi ki a pri abòdab pou plis abitan Brooklyn Santral kapab rele lakay yo.”

Pwopriyete eta ki te dezafekte an, ke yo te achte atravè pwosesis Apèl Dòf konpetitif Empire State Development (ESD) an, pral devlope pa Arker Companies. Sou kondisyon lavant yo, Arker te peye 10 milyon dola pou pwopriyete a, ki te posede anvan sa pa Otorite Dòmitya (Dormitory Authority) a nan Eta New York. Pwopriyete a te anvan sa fè pati sant Brooklyn Developmental Center ke eta ap jere an, ki te fèmen an 2015. Alokasyon pou apatman yo nan twa batiman yo pral klase soti: 328 dola rive 913 dola pou yon estidyo; 419 dola rive 980 dola pou yon sèl chanm; 509 dola rive 1,183 dola pou de chanm; ak 582 dola rive 1,292 dola pou twa chanm.

Premye twa faz yo finanse ak resous ki soti nan Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, NYSHCR), ki te investi 45 milyon dola nan kontra ki ekzan de enpo yo, yon Prè Sibvansyon 16.1 milyon

dola, ak 6 milyon dola nan alokasyon anyèl ki konbine yo de kredi enpo lojman revni fèb eta ak federal yo. Fountain Seaview pral benefisye de yon prè sibvansyon 13.3 milyon dola nan Devlopman ak Prezèvasyon Lojman Vil New York (New York City Housing Preservation and Development, NYCHPD). NYSERDA te bay 158,000 dola atravè Nouvo Pwogram Konstwiksyon Miltifamilyal li an.

**Senatè Roxanne J. Persaud te deklare**, “Mwen kontan anpil pou kòmansman konstwiksyon Fountains Development lan ki pral bay lojman soutyen ak a pri abòdab ki nesèsè anpil. Entegrasyon divès abitan nan popilas sa pral pote pi gwo atansyon, kominikasyon ki amelyore yo, epi ogmante entèraksyon ak konpreyansyon kilti varye nou yo. Sa se yon konpozan enpòtan nan konstwi kominote ki djanm, divès epi dinamik yo.”

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York, te deklare**, “Lè devlopman sa fini, plis pase 1,100 apatman ki a pri abòdab yo pral disponib pou abitan New York Lès yo, menm jan ak espas komèsyal ak etablisman kominotè yo nan premye etaj la. Angajman Gouvènè Cuomo nan lojman, yon anviwònman ki pi pwòp, ak yon pi bon kalite lavi ap fè yon diferans reyèl pou moun ki nan Vil New York ak atravè Eta a. HCR fyè pou li fè pati de pwojè sa epi nou espere wè rezilta yo.”

**Prezidan, PDG ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zemsky te deklare**, “Devlopman sa pral kreye yon kominote, kote ki te konn abitye gen espas vakan yo. Lè espas sa fin devlope totalman, li pral bay kay pou plizyè santèn fanmi, an plis de sèvis sipò yo pou moun ki gen andikap devlòmantal yo ak travay.”

**Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral DASNY te deklare**, “Lè pwojè sa fin konplete li pral transfòme yon espas vakan pou vin tounen lojman dirab, ki a pri abòdab ki pral elaji opòtinite ekonomik yo. Gouvènè Cuomo se yon lidè ak inovatè nan devlopman enfrastrikti ki ap kreye kominote ki rezistan, enklizif, ki ap ede yo rivalize.”

**Kerry A. Delaney, ki se Komisè Pa Enterim nan Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlòmantal yo nan Eta New York (New York State Office for People with Developmental Disabilities), te deklare**, “Pwojè sa ak sa ki tankou li yo pèmèt jefò yo, sou lidèchip Gouvènè Cuomo, pou bay pouvwa a moun ki gen andikap devlòmantal yo pou yo ka vin manm ki ap patisipe nan kominote yo an. Nan elaji opòtinite rezidansyèl ki baze nan kominote an yo pou Nouyòkè yo ki gen andikap devlòmantal yo, sa ap benefisye alafwa moun lan ak kominote an kote li kontribiye an.”

**Maria Torres-Springer, ki se Komisè HPD, te deklare**, “Pou reponn a nesèsite lojman yo pou tout vwazinaj nou yo sa bezwen angajman ak patenarya nan tout nivo gouvènman yo. Lè li fin konplete, Fountains Development an divès faz la pal bay 1,169 kay ki a pri abòdab pou Nouyòkè revni fèb yo, ki gen ladan yo abitan ki gen andikap devlòmantal yo ki pral resevwa sèvis sipò sou plas yo. Nou rekonesan anvè HCR, ESD, Arkers, ansanm ak tout patnè nou yo ki pataje angajman nou an pou itilize tèren

piblik pou lojman ki a pri abòdab pou mete fondasyon pou alafwa fanmi yo ak vwazinaj yo.”

### **Elaji Aksè nan Lojman ki Abòdab**

Devlopman sa yo aliye ak Bidjè Eta 2018 Gouvènè Cuomo an ki ap bay 2.5 milya dola nan 20 milya dola Plan Lojman ak Sitiyasyon Sanzabri pou finanse kreyasyon ak reyabilitasyon 100,000 kay ki a pri abòdab ak 6,000 kay lojman soutyen yo, laplipa landan yo se pral pou fwaye ki gen revni fèb ak fèb anpil yo. Objektif nan nouvo plan senk ane an se pou vize yon pataj prèske 50/50 ant nouvo konstwiksyon ak prezèvasyon ak ant kay yo ki finanse nan Vil New York ak sila yo ki nan rès eta a.

### **Devlope Sou Nouvo Pwogram Green Bond New York lan**

Premye Faz Fountain Seaview an finanse redevlopman yon nouvo batiman sis etaj ki gen 65 apatman pou fanmi yo, ki gen ladan yo 17 kay pou moun ki gen andikap devlopman ak entelektiyèl yo ki nan Vil New York. Dezyèm batiman an konsiste an nèf etaj ki gen 267 apatman ki te konstwi sou nouvo pwogram Green Bond New York lan, ke Gouvènè an [te anonse](#) nan mwa Novanm, pou kapab atire devlopman lojman ki a pri abòdab ki gen yon enpak pozitif sou anviwònman an ak klima a. Epi semèn ki sot pase a, HCR te bay yon prim kredi enpo pou finanse 65 kay ki a pri ki pi abòdab ak kay soutyen yo pou yon lòt batiman nèf etaj ki nan Faz Twa.

New York se pemye eta nan nasyon an ki resevwa sètifikasyon Inisyativ Lyen Klima Entènasyonal yo pou lojman ki ap redwi enpak chanjman klimatik yo. Kòm yon pati nan inisyativ sa a, HCR ap fè patenarya ak Enterprise Community Partners, ki se yon lidè nasyonal nan devlopman lojman ki a pri abòdab nan New York ak atravè tout Etazini. Enterprise te devlope kritè pou sètifye “Kominote Vèt” yo, ki gen ladan amelyorasyon nan konsepsyon, lokalite/vwazinaj, anviwònman ak lòt kote ankò, konsèvasyon dlo, efikasite enèjetik, ak lavi an sante.

**Judi Kende, ki se vis prezidan ak lidè mache New York, Enterprise Community Partners te deklare,** “An plis de bon jan kalite kay ki a pri abòdab, Fountains pral pote espas lavant an detay, sèvis kominotè, ak ekipman pou abitan New York Lès yo, ki enkli fanmi yo, granmoun aje ak moun ki gen andikap devlopman yo. Enterprise fyè pou bay finansman pou Fountains lan atravè Fon Akizisyon Vil New York lan. An plis, antan ke yonn nan premye devlopman ki te kreye apati pwogram Green Bond eta a epi konstwi selon Kritè Kominote Vèt Antrepriz yo, Fountains lan pral ofri tou avantaj sante ak anviwònman ki enpòtan anpil yo.”

### **Kreye Yon Kominote Dinamik**

Devlopman 1.2 milyon pye kare an pral an dènye lye pwodwi 1,169 kay lojman ki disponib pou abitan revni fèb yo ki ap touche 30 a 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan. Pwojè a tou gen ladan kreyasyon Schroeder’s Walk lan, ki se yon nouvèl espas laj ki mezire yon demi ekta ki ta pral elaji Schroeder’s Avenue pou pyeton yo. Fountains lan pral gen ladan tou lavant an detay nan premye etaj, pakin ki pa nan lari, etablisman kominotè yo, ak yon sant komèsyal piblik, an plis de konpozan rezidansyèl lan. Arker Companies pral fè patenarya ak Block Institute, pou devlope batiman yo epi bay sèvis

sipò yo pou abitan ki desèvi pa Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopman yo.

Ekipman ki genyen yo pral enkli chanm kominotè yo pou aktivite sosyal yo, yon lakou ki laj, yon twati tèras ak aksè nan yon espas rekreyatif laj ki mezire 50,000 pye kare ki gen chèz deyò ak espas vèt yo pou abitan batiman yo ka pataje nan Fountains Development.

### **Inisyativ Vital Brooklyn**

Devlopman sa konpleman inisyativ byennèt ak devlopman kominotè Brooklyn Vital Gouvènè a, ki ap kreye yon nouvo modèl pou bay resous ak opòtinite nan Brooklyn Santral.

**Sol Arker, ki se yon manm prensipal nan Arker Companies te deklare,** “Arker Companies rekonesan anvè Gouvènè a poutèt lidèchip li ki pral abouti nan devlopman 1,169 kay lojman ki abòdab pou granmoun aje ak fanmi ki ap travay yo. Nou pral travay ansanm ak ekip pwofesyonèl lojman Gouvènè a ki nan ESD ak Renouvèlman Kominote ak Lojman nan Depatman Eta a, ak ekip Majistra De Blasio a ki nan Lojman, Prezèvasyon ak Devlopman pou pote devlopman sa vin reyalite. Nou te fè yon envestisman konsiderab nan kominote Spring Creek/New York Lès lan, epi nou espere kontinye ak angajman nou nan vwazinaj la ak nouvo pwojè sa.”

**Todd Gomez, ki se Chèf Egzekitif Mache Bankè Devlopman Kominotè nan Bank of America Merrill Lynch te deklare,** “Pwojè Fountains lan se yon gwo egzanp de rezilta pozitif yo ke kolaborasyon piblik ak prive kapab genyen sou vwazinaj yo tankou New York Lès. Nou gen anpil chans pou nou an pozisyon pou bay bon konbinezon zouti finansye yo, an patenarya ak NYSHCR, NYSEDC ak NYCHPD, pou ede Arker Companies ansanm ak Block Institute retounen itilize ansyen sant Brooklyn Developmental Center a pou kapab kreye lojman ki a pri abòdab ke yo bezwen anpil pou moun ki gen andikap devlopman yo menm jan ak fanmi ki ap travay ki gen revni fèb yo nan New York.”

###